



Èske mwen ka aplike pou azil nan Etazini?

Can I Apply for Asylum in the United States?



Fèy enfòmasyon sa a pale sou azil ak ki moun ki kalifye pou li. Gen 3 diferan fason pou aplike pou azil selon kiyès ou ye ak dosye imigrasyon ou. Fèy enfòmasyon sa a ede ou konprann ki pwosesis ou bezwen itilize lè w ap aplike.

LawHelpMN.org gen lòt fèy enfòmasyon ki ka ede w aplike pou azil. Fèy enfòmasyon sa a ede ou decide ki lòt fèy enfòmasyon ou ta dwe itilize. Gen yon frè \$100 pou aplike pou azil.

Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle oswa yon lòt lang, ale vizite:

LawHelpMN.org



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.



Elijibilite pou Azil

Kisa azil ye?

Azil se yon fòm pwoteksyon ki pèmèt ou rete Ozetazini. Li se yon chemen pou jwenn rezidans ak sitwayènte. **Ou ka sèlman aplike pou azil si ou pè retounen nan peyi orijin ou.** Fòk ou te sibi mal la oubyen ou dwe kwè y ap fè w mal si ou retounen. Si ou kalifye pou azil, ou dwe aplike pou li. Ou pa otomatikman jwenn azil paske ou pè retounen lakay ou.

Ki kalite mal yo fè m mwen gen pou m pwouve?

Ou dwe pwouve ke yo te fè w mal oswa yo ka fè w mal akòz **omwen youn** nan bagay sa yo:



Ras ou a. Ou ka vin sibi akòz karakteristik fizik ou oswa gwoup ou fè pati a. Pa egzanp: yo ka vize w paske ou se yon endijèn.



Relijyon ou a. Yo ka vize w paske ou refize pratike yon sèten relijyon. Epitou yo ka vize w pou fason ou pratike relijyon w lan.



Nasyonalite ou a.



Opinyon politik ou a. Ou ka sibi yon atak paske ou sipòte oswa opoze yon gwoup politik oswa yon gouvènman. Ou ka sibi yon atak paske ou te pran aksyon pou sipòte oswa opoze yon koze politik. Sa ka vle di ou te ale nan yon manifestasyon oubyen ou te fè kòmantè kont yon gouvènman. Sa ta ka vle di tou ou te pran yon pozisyon pou dwa moun, ou kwè nan egalite, ou gen yon opinyon feminis, oswa ou te defann dwa endijèn yo.



Yon gwoup sosyal ou fè pati ke ou pa ka chanje oubyen ou pa ta dwe oblije chanje. Sa gen ladan l etnisite w, sèks ou, oryantasyon seksyèl ou, gwoup tribi oswa klan ou, oswa fanmi ou.



Egzanp: Danny ap aplike pou azil poutèt ras li ak opinyon politik li.

Danny fè pati yon tribi endijèn nan El Salvador. Li defann dwa tè endijèn yo. Lapolis te arete l, yo te poze l kesyon, yo te bat li epi yo te menase l. Lapolis te di l pou l sispann travay li. Danny ap aplike pou azil poutèt ras li (se endijèn li ye) epi poutèt opinyon politik li (li defann dwa endijèn yo).



Egzanp : Ixchel ap aplike pou azil poutèt ras li.

Ixchel gen 13 ane. Papa l te bat epi maltrete li menm ak frè ak sè l yo nan Gwatemala. Li te menase pou touye yo plizyè fwa. Lè li te di lapolis, yo pa t ede l epi yo te fòse l retounen lakay papa l. Lapolis trete l diferan tou paske se endijèn li ye. Ixchel ap aplike pou azil paske li pè pou lavi li si li retounen al jwenn papa l epi poutèt ras li (se endijèn li ye).

Èske moun ka toujou aplike pou azil?

Wi. Ou ka toujou aplike pou azil. Chak administrasyon politik fè chanjman nan règleman imigrasyon yo, men aplikasyon pou azil la toujou yon dwa legal Ozetazini. Sous enfòmasyon ki pi fyab la se yon avoka imigrasyon. Sitwèb gouvènman ameriken yo ka difisil pou konprann oubyen yo ka pa gen enfòmasyon ki pi ajou yo.

Èske gen risk pou aplike pou azil?

Ka gen risk, sitou si ou **PA** nan pwosedi pou yo retire w. Pale ak yon avoka imigrasyon pou asire w ke li an sekirite pou w aplike.

Sèlman aplike pou azil si ou pè pou yo fè w mal nan peyi w. Ou dwe reponn kesyon ki sou fòm aplikasyon azil la nèt epi onètman. Si ou bay manti nan aplikasyon an, ou ka pa janm kapab aplike pou estati legal Ozetazini ankò.

Kilè mwen ta dwe pale ak yon avoka?

Pale ak yon avoka imigrasyon **anvan** ou aplike pou azil si:

- Ou pa sèten ki pwosesis pou swiv pou aplike pou azil.
- Ou **PA** nan pwosedi pou ekspilasyon oswa pwosedi tribinal imigrasyon.
- Sa fè plis pase yon ane depi ou te antre Ozetazini.
- Ou se yon sitwayen oswa yon nasyonal plis pase yon peyi.
- Yo te arete w, yo te akize w, oswa yo te kondane w pou nenpòt krim pandan w t ap viv Ozetazini.
- Ou te janm fè pati yon òganizasyon paramilitè oswa geriya, oubyen nenpòt gwoup ame nan nenpòt peyi.

Ki kote mwen ka jwenn yon avoka pou ede m?

Chèche avoka gratis ak klinik legal sou [LawHelpMN.org](https://www.lawhelpmn.org). Avoka gratis yo nan gwo demann. Ou pa garanti yon avoka gratis jis paske ou mande pou youn. Ou kapab tou pale ak yon avoka prive si ou gen mwayen pou peye anviwon \$200 pou yon konsiltasyon. Gen kèk avoka prive ki fè konsiltasyon gratis. Mande lè w ap rele avoka a si l ap pale avè w pou yon konsiltasyon gratis.

Kijan pou aplike pou azil

Kilè mwen ta dwe aplike pou azil?

Ou dwe depoze demann azil nan lespas 1 an apati dènye arive ou Ozetazini. Sa a se apati jou ou te antre Ozetazini ak yon viza oubyen jou ou te travèse fwontyè a. Se **pa** dat ou te lage nan detansyon an oswa dat viza ou a te ekspire.

Gen eksepsyon. Pale ak yon avoka imigrasyon si sa gen plis pase yon ane depi ou rive Ozetazini.



Egzanp: Oscar vle aplike pou azil.

Li te travèse fwontyè a nan dat 12 Jiyè 2024. Li dwe voye aplikasyon azil li a pa lapòs pou yo ka resevwa li anvan 11 Jiyè 2025. Oscar bezwen voye aplikasyon li pa lapòs kèk semèn anvan 11 Jiyè pou l ka respekte dat limit la.

Kijan pou m aplike pou azil?

Pwosesis la pa menm pou tout moun. LawHelpMN.org gen diferan fich enfòmasyon ki gide ou nan etap pou aplike pou azil. Sa depann de kote ou bezwen depoze aplikasyon w lan.

Si ou se yon granmoun, pwosesis ou itilize a depann de si w nan "Pwosedir pou ekspilsyon" (Removal Proceedings) oswa non.

- Si ou se yon **granmoun** ki **deja nan pwosedir pou ekspilsyon oswa pwosedir tribinal imigrasyon**: Ou bezwen itilize "pwosesis defans" la pou aplike pou azil nan tribinal imigrasyon an. Eskane kòd QR la pou wè fich enfòmasyon nou an sou [pwosesis defans lan](#). Ou aplike pou azil nan **tribinal imigrasyon**.



- Si ou se yon **granmoun** ki **POKO nan pwosedir pou ekspilsyon oswa pwosedir tribinal imigrasyon**: Ou dwe itilize "pwosesis afimatif" la pou aplike pou azil ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS). Eskane kòd QR la pou wè fich enfòmasyon nou an sou [pwosesis afimatif la](#). Ou aplike pou azil avèk **USCIS**.



- Si ou gen **mwens pase 18 an** epi w ap viv Ozetazini **san yon paran oswa yon gadyen legal**: Ou dwe itilize "pwosesis afimatif" la pou aplike pou azil ak USCIS. Pwosesis la diferan pase si ou t ap aplike pou azil antanke yon granmoun. Eskane kòd QR la pou wè fich enfòmasyon nou an sou [pwosesis afimatif pou minè ki pa akonpaye](#) a. Ou aplike pou azil avèk **USCIS**.



Kouman pou mwen konnen si mwen fè pati "pwosedir pou ekspilsyon"

Prensipal fason pou konnen si w nan "Pwosedir pou ekspilsyon" se si imigrasyon an te voye yon Avi pou konparèt oswa yon NTA ba w.

Yon Avi pou konparèt se yon dokiman ou jwenn nan Depatman Sekirite Entèn (Department of Homeland Security). Sa vle di gouvènman an ap eseye depòte w epi **ou dwe ale nan tribinal**. Yon Avi pou konparèt di poukisa gouvènman an panse yo ta dwe depòte w. Li ta dwe di tou **dat** ak **kote premye odyans ou a**. LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou sa pou w fè si w resevwa yon Avi pou konparèt. Li gen yon egzanp Avi pou konparèt tou. Eskane kòd QR la oubyen ale nan: [Kisa pou w fè si w jwenn yon Notice to Appear \(avi pou konparèt\) devan tribinal imigrasyon an](#).



Si ou te resevwa yon NTA, ou nan pwosedir pou ekspilsyon **SOF SI**:

- Yo pa t JANM depoze NTA a nan Tribinal Imigrasyon an.
OSWA
- Yo te anile ka imigrasyon ou an.

Si w **an pwosedi pou ekspilsyon**, ou bezwen itilize **pwosesis defans lan** pou aplike pou azil nan tribinal imigrasyon an. Eskane kòd QR la pou wè fich enfòmasyon nou an sou [pwosesis defans lan](#). Ou aplike pou azil nan **tribinal imigrasyon**.



Si ou **PA an pwosedi pou ekspilsyon**, ou bezwen itilize **pwosesis afimatif** la pou aplike pou azil ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS). Eskane kòd QR la pou wè fich enfòmasyon nou an sou [pwosesis afimatif la](#). Ou aplike pou azil avèk **USCIS**.



Kijan m ka verifeye si yo te depoze yon Avi pou konparèt nan tribinal imigrasyon an?

Petèt yo te voye yon Avi pou konparèt epi ou pa t konnen sa a. Pafwa yo voye yon Avi pou konparèt nan ansyen adrès ou a. **AVAN** ou aplike pou azil, verifeye si gen yon odyans ki pwograme nan tribinal imigrasyon an.



Pa telefòn. Rele liy dirèk Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR) nan **1-800-898-7180**. Make Nimewo A oswa "Nimewo Enskripsyon Etranje" ou. (Ale sou [us-immigration.com](https://www.us-immigration.com) pou jwenn nimewo A ou a.) Sèvi ak meni opsyon pou tcheke dat ak lè odyans ou a. Liy asistans lan an angle ak panyòl. Make 2 pou èd nan lang panyòl.



Sou entènèt. Ale nan [acis.eoir.justice.gov](https://www.acis.eoir.justice.gov). Make Nimewo A ou. Gade nan "Enfòmasyon Pwochen Odyans (Next Hearing Information)" ak "Enfòmasyon pou Kontakte Tribinal la (Court Contact Information)."

Si ou gen yon odyans ki pwograme, sa vle di Avi pou konparèt ou a te depoze nan tribinal la. Ou ta dwe swiv pwosesis defans lan epi depoze yon demann azil nan tribinal imigrasyon an.

Si li di “pa jwenn okenn ka,” (no case found), ou PA gen yon Avi pou konparèt kounye a. Ou ta dwe swiv pwosesis afimatif la epi depoze yon demann azil nan USCIS.

Kisa k ap pase si m voye aplikasyon m nan move kote a?

Li refize otomatikman. Yo ta dwe voye l tounen nan adrès postal ou. Ou bezwen depoze aplikasyon w lan ankò nan bon kote a.

Èske lòt moun nan fanmi mwen ta dwe aplike pou azil tou?

Si yo ba ou azil, mari oswa madanm ou ak nenpòt pitit ki poko marye ki poko gen 21 an ap jwenn azil tou si yo ap viv Ozetazini tou. Lè w ap aplike pou azil, ou dwe mete yo nan aplikasyon w lan si ou vle yo jwenn azil tou. **Yo ta dwe depoze pwòp demann azil pa yo tou.**



Kijan pou aplike pou pèmisyon pou travay


Èske m ka travay pandan m ap tann yon desizyon sou demann azil mwen an?

Ou bezwen pèmisyon nan men gouvènman ameriken an pou w ka travay legalman Ozetazini. Sa rele otorizasyon travay. Ou dwe aplike pou otorizasyon travay. Ou pa ka travay toutotan ou pa jwenn apwobasyon sa a.

Èske mwen ka aplike pou otorizasyon travay touswit?

Non

- Ou dwe tann **150 jou** apre ou fin depoze aplikasyon azil ou a anvan ou ka **aplike** pou otorizasyon travay.
- Li mande 30 jou pou trete aplikasyon otorizasyon travay ou an. Sa vle di li pran 180 jou apati lè ou depoze aplikasyon azil ou a pou gouvènman an apwouve pèmi travay ou a. Peryòd datant 180 jou sa a rele "**revèy ou.**" (**your clock**) Si yo apwouve w, ou resevwa yon kat ki konfime ou ka travay Ozetazini.



Egzanp: Sonia vle aplike pou otorizasyon travay.

Sonia pa t nan pwosedi pou ekspilsyon oswa pwosedi tribinal imigrasyon. Li te aplike pou azil lè l te itilize pwosesis afimatif la avèk USCIS.

- 8 jen 2024: Sonia **te voye aplikasyon azil li** pa lapòs bay USCIS.
- 1 out 2024: USCIS **te resevwa aplikasyon azil Sonia a** epi li te voye yon resi ba li.
- 29 desanm 2024 (150 jou gentan pase): Sonia te **elijib pou aplike** pou otorizasyon travay. Li te soumèt aplikasyon otorizasyon travay li bay USCIS.
- 28 janvyè 2025 (180 jou gentan pase): USCIS te apwouve aplikasyon otorizasyon travay li a. Yo te voye kat pèmi travay li nan lapòs. Sonia **kounye a kalifye pou kòmanse travay.**



Avètisman!

Pafwa revèy ou a rete kanpe epi ou oblije tann pi lontan anvan ou ka kalifye pou travay.

Ki sa ki fè "revèy" mwen an kanpe?

USCIS pa ka akòde aplikasyon otorizasyon travay ou a toutotan 180 jou pa fin pase sou revèy ou. Revèy la kòmanse jou yo resevwa aplikasyon azil ou a. Pou revèy la kontinye mache, ou dwe evite fè anyen ki ta ka kanpe revèy la. Revèy ou a ap kanpe lè **ou** lakòz yon reta nan pwosesis aplikasyon azil ou a.

- **Pwosesis azil afimatif avèk USCIS.** Revèy ou a kanpe si ou rate yon randevou pou pran anprent dwèt oswa yon entèvyou ak USCIS. Li sispann tou si ou mande pou chanje yon randevou oswa yon entèvyou. Revèy ou a **rekòmanse** lè ou ale nan nouvo randevou ou a. Gen yon lis tout rezon ki fè revèy ou a ta ka kanpe sou [sitwèb USCIS la](#).
- **Pwosesis azil defansif ak tribinal imigrasyon an.** Revèy ou a ap kanpe si ou gen yon odyans tribinal epi ou mande plis tan pou jwenn yon avoka. Yo rele sa yon "ranvwa". Revèy ou a sispann tou si ou rate yon randevou byometrik. Ou ka kapab **rekòmanse revèy ou a** nan pwochen odyans tribinal ou a. Gen yon lis tout rezon ki fè revèy ou a ta ka kanpe sou [sitwèb Depatman Jistis Etazini an](#). Kontakte tribinal la si ou panse yo te kanpe revèy ou a pa erè.



Egzanp: Lorena vle aplike pou otorizasyon travay.

Lorena te nan pwosedi pou ekspilsyon oswa pwosedi tribinal imigrasyon. Li te aplike pou azil lè l te itilize pwosesis defans lan nan tribinal imigrasyon an.

- 1 jiyè 2024: Tribinal imigrasyon la te **resevwa demann azil Lorena a**.
- 15 out 2024: Lorena te mande pou ranvwaye odyans tribinal imigrasyon li a, pou l te gen **tan pou l jwenn yon avoka**. Jij la te dakò. Revèy li a te kanpe. Li te gen 44 jou sou revèy li lè li te kanpe
- 30 septanm 2024: Lorena te jwenn yon avoka epi li te **ale nan pwochen odyans imigrasyon li a** nan tribinal Minnesota. Revèy li a te rekòmanse.
- 14 janvyè 2025: Lorena te **elijib pou aplike** pou otorizasyon travay. Li te voye aplikasyon otorizasyon travay li bay USCIS.
- 13 fevriye 2025: USCIS te apwouve aplikasyon otorizasyon travay li a. Yo te voye kat pèmi travay li nan lapòs. Lorena kalifye **kounye a pou kòmanse travay**.

Lè peryòd datant mwen an fini, kijan pou m aplike pou otorizasyon travay?

LawHelpMN gen yon fèy enfòmasyon ki pale sou fason pou aplike pou otorizasyon travay. Eskane kòd QR la oswa ale nan: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/how-get-permission-work-minnesota.



Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.

© 2027 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsònèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.